**दिन–सोमवार** **दिनांक–27.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोक आस्थाक महापर्व छठिक तेसर दिन आइ छठिव्रती सभ स्ताचलगामी सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलनि। छठि के लऽकऽ मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेश मे श्रद्धा, उल्लास आओर उत्साहक माहौल देखल जा रहल अछि। श्रद्धालु सभ भगवान भास्कर आओर छठि मैयाक आराधना मे लिन छथि। चँहु दिस छठिक गीत सुनल जा रहल अछि। प्रदेश मे गंगा, गंडक, कोसी, महानंदा, बागमती आओर कमला सहित विभिन्न नदिकात आओर पोखरि सभ मे छठि घाट बना कऽ सजाओल गेल अछि। काल्हि उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयलाक संगहि चारि दिवसीय छठि महापर्व संपन्न भऽ जायत। एम्हर, राज्यक कतेको प्रसिद्ध सूर्य मंदिर औरंगाबादक देव, पटनाक ओलार्क, नालंदाक ओंगारीधाम आओर नवादा जिलाक हरिया सूर्य मंदिर प्रांगन मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभ पूजा–अर्चना करबाक लेल आयल छथि। बिहार विधानसभा चुनाव के देखैत विभिन्न छठि घाट पर मतदाता जागरूकताक संदेश देल जा रहल अछि आओर लोक सभ सँ बढि–चढ़ि कऽ मतदान मे भाग लेबाक लेल जनाओल जा रहल अछि।

---

छठि पावनि के लऽकऽ प्रदेश भारी मे सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। राज्यक सभ पैघ–पैघ सूर्य मंदिर आओर गंगा, गंडक सहित आनो–आन नदी घाट पर सुरक्षा बलक तैनाती कयल गेल अछि। पटना सहित राज्यक सभ छठि घाट पर पुलिस बलक संग–संग एन.डी.आर.एफ आओर एस.डी.आर.एफक तैनाती कयल गेल अछि। संगहि छठि घाट सभ पर प्राथमिक चिकित्सा, शुद्ध पीबाक पानि, शौचालय आओर पार्किंगक व्यवस्था कयल गेल अछि। एम्हर, गंगा सहित कतेको नदी मे छठि घाट पर आइ सँ लऽकऽ उदयमान सूर्य के अर्घ्य देबय धरि निजी नावक आवाजाही पर रोक लगा देल गेल अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के छठि पावनिक शुभकामना देलनि अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे ई पावनि सूर्य देव आओर छठि मैयाक पूजा आओर प्रकृतिक लेल कृतज्ञता जतेबाक मौका अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन संदेश मे जनौलनि जे छठि महापर्व संस्कृति, प्रकृति आओर समाजक बीचक एकताक प्रतिक अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां जनौलनि जे छठि पूजा सादगी आओर पवित्रताक पावनि अछि जे हमरा सभ के प्रकृतिक संग जोड़ैत अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ सँ जनौलनि जे ई पावनि के संप्रदायिक आओर सामाजिक सद्भावक संग मनाबैथि।

———————————————————————

छठि महापर्वक मौका पर अस्ताचलगामी सूर्यक अर्घ्यक आकाशवाणी पटना सँ गंगा नदीक दीघा घाट सँ सांझ चारि बजे सँ सांझ साढ़े पांच बजे धरि जीवंत प्रसारण कयल गेल। ओतहि, प्रातःकालीन अर्घ्यक जीवंत प्रसारण काल्हि भागलपुरक गंगा तट सँ भोर पांच बजे सँ भोर साढ़े छओ बजे धरि आकाशवाणीक भागलपुर केन्द्र सँ प्रसारित कयल जायत।

———————————————————————

विधानसभा चुनावक पहिल चरण लेल प्रचार प्रसार तेज भऽ गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दू नवंबर कऽ पटना मे रोड–शो करताह। एहि सँ पहिने श्री मोदी तीस अक्टूबर कऽ छपरा आओर मुजफ्फरपुर मे चुनावी जनसभा के संबोधित करताह। ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह उनतीस अक्टूबर सँ दू दिवसीय बिहार दौरा पर रहताह। एहि बीच, ओ लोक गायिका–मैथिली ठाकुर, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको एनडीए उम्मीदवार सभक समर्थन मे जन सभा करताह।

एम्हर, कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी उनतीस अक्टूबर कऽ मुजफ्फरपुरक सकरा मे चुनावी सभा के संबोधित करताह। प्रियंका गांधी अठाईस अक्टूबर कऽ पटना मे कतेको चुनावी सभा मे भाग लेतीह। ओतहि, महागठबंधनक मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार आओर राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव काल्हि सारण जिलाक मांझी, मढौरा, अमनौर, गरखा सहित कतेको विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित करताह।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनाव के देखैत अड़तालीस घंटाक मौन अवधिक बिच चुनावी मामिलाक एग्जिट पोल पर रोक लेल परामर्श जारी कयलक अछि। आयोग सभ मीडिया प्लेटफॉर्म आओर प्रसारक सभ के जनौलक अछि जे एग्जिट पोलक परिणामक प्रसारण छओ नवंबर कऽ भोर सात बजे सँ एगारह नवंबर कऽ सांझ साढ़े छओ बजेक बीच नहि कयल जायत।

———————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय आइ सभ राज्य आओर केन्द्रशासित प्रदेश के नोटिस जारी कऽ डिजिटल अरेस्ट सँ जुड़ल धोखाधड़ी मामिला पर दर्ज कयल गेल प्राथमिकीक जनतब मांगलक अछि। न्यायालय देश मे बढ़ैत डिजिटल अरेस्ट घटना के देखैत सभ मामिलाक जांच केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो–सीबीआई के सौंपय चाहैत अछि। न्यायालय सीबीआई सँ पूछलक अछि जे कि हुनका लऽग देश मे एहेन मामिला के संभारबाक लेल पर्याप्त संसाधन अछि? सर्वोच्च न्यायालय देश भरि मे डिजिटल अरेस्टक बढ़ैत खतरा सँ निपटबाक लेल स्वतः संज्ञान लैत सत्रह अक्टूबर सँ ई मामिलाक सुनवाई कऽ रहल छल।

———————————————————————————

समाप्त भेल।